# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–01 अप्रैल 2024 सान्ध्य समाचार

लोकसभा चुनाव क दुसरका फेरा में प्रदेश क आठ सीटिनि बदे नामांकन कइले क प्रक्रिया चलि रहल हौ। येहि क्रम में आज अमरोहा में एक ओम्मिदवार आपन नामांकन कइलस। अबले आठ सीटिनि पर कुल पांच गो ओम्मिदवार नामांकन कइले हवें। अबले मिलल जानकारी के हिसाब से दुसरका फेरा क मेरठ लोकसभा सीट पर दुइ,गाजियाबाद में एक आ मथुरा अउर अमरोहा में एक एक गो ओम्मिदवार नामांकन कइले हवे। येह फेरा मे नामांकन भरले का आखिरी तारिख चार अप्रैल हौ। दुसरा फेरा में अमरोहा, मेरठ, बागपत, गाजियाबाद, गौतम बुद्धनगर बुलंदशहर, अलीगढ़ अउर मथुरा में छब्बीस अप्रैल के ओट परी।

**********

लोकसभा चुनाव में ओटे का प्रतिसत बढ़उले बदे प्रदेस भर में मतदाता जागरूकता कार्यक्रमन क आयोजन कइ के आम लोगिन से ओट डरले क अपीलि कइल जा रहल हौ।

येही क्रम में आजु मथुरा मे मतदाता गीत का लोकारपण कइल गइल। येही मौका पर स्वीप नोडल अधिकारी बउवलें कि ई गीत नगर निगम क सज्जों गाड़ी क सथहि नगर निगम के पीए सिस्टम से बजावल जाइ। जेहसे मुख्य चौराहा पर ई गीत आम मतदाता लोगिन क सुने के मिली अउर ओन्हें मतदान खातिर प्रेरित करी। उहां के बतउलीं कि ई मतदाता गीति यातायात पुलिसों के दीहल जा रहल हौ जेहसे ई गीति जगहि जगहि पर सुनावल जा सके अउर मतदातन ले पहुच सके। ओहर कौशाम्बी में मुख्य विकास अधिकारी सज्जो एडीओ (पंचायत) आ ग्राम पंचायत सचिव से कहलें कि आदर्श आचार संहिता क अनुपालन सुनिश्चित करावल जाव। जो त कहियो आदर्श आचार संहिता क उल्लंखन पावल जाव त जुरते अवगतो करावल जाव।

ओहर फतेहपुर जिला क चितौरा गांवे में मतदाता जागरूकता कार्यक्रम में मतदान कइले क सपथ दीयावल गइल। कार्यक्रम का सुरूआत स्वीप आइकॉन के ओरि से पहिले चितौरा गांवे के पचहत्तर बरीस क उमिर पार कई चुकल दसगो बूढ़ मनइ के सम्मानित कइके भइल। ओकरे बाद सज्जों सम्मानित बुढ़ मनइ से आवे वाला बीस मई के अपने साथे पुरहर गांव वालन के ओटि डरले खातिर जागरूक करे बदे निवेदन कइल गइल। येहि क्रम में अमरोहा के चोटिपुरा स्थित श्रीमद् दयानन्द कन्या गुरूकुल के ओरि से मतदान कर हम गीति के जरिया से लोगिन के जागरूक कइल जा रहल हौ।

**********

भाजपा के सीनियर नेता अउर प्रदेश के मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु हाथरस, बुलंदशहर अउर गौतमबुद्ध नगर में आयोजित भइल प्रबुद्ध जन सम्मेलन में शामिल भइले। येहि मौका पर बुलंदशहर में एगो जन समूह के संबोधित करत उहां के कहलि कि मजबूत लोकतंत्र के बनउलें में आपके एक एक ओट क अहमियत हौ। जो त ई वोट सही मनइ के मिलि जाला त देश क विकास होला। ओहिं गलत हाथे में गइले से जनता के विकास से दूर हो जायेके पड़ी। हाथरस अउर गौतमबुद्ध नगर में श्री योगी कहलें कि बरिस दुई हजार चौदह से पहिले अउर दुई हजार चौदह के बाद के विकास के आप सब देखत हईं। ओहर रामपुर में भाजपा के सीनियर नेता अउर कैबिनेट मंत्री धरमपाल सिंह कहले कि देश क जनता भारतीय जनता पार्टी के सथहि खड़ा हौ।

**********

संचारी रोग खातिर जागरूकता के लेके आजु से प्रदेश भर में संचारी रोग नियंत्रण अभियान शुरू भइल। एकरे तहत कइ गो कार्यक्रम क आयोजन कइ के लोगिन के संचारी रोग से बचाव खातिर जागरूक कइल गइल। गोरखपुर में मुख्य चिकित्साधिकारी संचारी रोग अभियान क शुभारंभ शपथ दीया के कइलें। एकरे बाद उहां के जन जागरूकता वाहनन के हरियर झण्डियों देखउली। मुख्य चिकित्साधिकारी कहलें कि संचारी रोग पर प्रभावी नियंत्रण बदे विभाग के कोशिश के साथे साथे सामुदायिक सहजोग क खास भूमिका हौ। ओहर संचारि रोग नियंत्रण अभियान अउर दस्तक अभियान के आजु मिर्जापुर में मुख्य चिकित्साधिकारी के कार्यालय क परिसर में रैली के अपर निर्देशक स्वास्थ्य अउर परिवार कल्याण डॉक्टर शोभना दूबे हरियर झंण्डी देखा के अभियान क शुरूआत कइलिन। मुख्य चिकित्साधिकारी बतउलें कि ई अभियान एक अप्रैल से तीस अप्रैल ले चलि। येहि क्रम में फरूर्खाबाद अउर चित्रकूट में संचारी रोग नियंत्रण अभियांन अउर दस्तक अभियान में जागरूकता रैली के रवाना कइल गइल।

येह अभियान में कइ गो विभाग आपस में मीलिजुलि के अलग अलग कार्यक्रम जइसे झाड़ियन क कटाइ, नालियन क सफाइ, कीटनाशक दवाई का छिड़काव के सथहीं अउरियों जगजारूकता कार के करिहें।

**********

सिक्किम के राज्यपाल लक्ष्मण आचार्य अउर हिमाचल प्रदेश के राज्यपाल शिव प्रताप शुक्ल आ भजन सम्राट अनूप जलोटा आजु अलगि अलगि आयोध्या में रामलला के दर्शन पूजन कइके मंगल कामना कइलें। हिमाचल प्रदेश के राज्यपाल शिव प्रताप शुक्ल कहलें कि पहिले क अयोध्या अउर आजु क अयोध्या में बहुते अंतर आ गइल हौ। पहिले अयोध्या सूना रहल अब राम आ गइल हवें त अयोध्या आकर्षण क केन्द्र बनि गइल हौ।

**********